Pou Piblikasyon Imedya: 16/04/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 'ETA NEW YORK AN POZ' LA PWOLONJE JISKA 15 ME

Li mande pou tout Nouyòkè yo mete mask oswa kouvri figi yo nan sistèm transpò piblik yo, pandan y'ap pran transpò prive oswa pandan y'ap monte nan machin lokasyon nan kad Dekrè Egzekitif la

Li anonse Eta a pral voye 100 respiratwa atifisyèl nan New Jersey

Konfime 8,505 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 222,284; Nouvo ka nan 48 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke tout restriksyon Eta New York an Poz la pral pwolonje jiska 15 me. Yo pran mezi sa an konsiltasyon ak lòt eta rejyonal yo. Eta yo pral fè yon lòt evalyasyon apre peryòd fèmti anplis sa a.

Gouvènè Cuomo te mande tou pou tout Nouyòkè yo mete mask oswa kouvri figi yp nan sistèm transpò piblik la epi pandan y'ap pran transpò prive oswa pandan y'ap monte nan machin lokasyon yo. Anplis de sa, tout operatè nan sistèm piblik yo, transpò prive ak machin lokasyon yo dwe mete yon mask oswa kouvri figi yo pandan tout tan y'ap travay la. Direktiv sa yo ogmante sou Dekrè Egzekitif Gouvènè a te anonse yè ki egzije pou tout moun nan New York pou yo mete yon mask oswa pou yo kouvri figi lè yo soti nan piblik la ak nan sitiyasyon kote yo pa ka kenbe distans sosyal la. Lòd Egzekitif la ap antre anvigè vandredi 17 avril a 8 PM.

Gouvènè a te anonse tou eta a pral bay 100 respiratè nan New Jersey. Yè, Gouvènè a te anonse eta a ap bay 100 respiratè pou Michigan ak 50 respiratè pou Maryland.

"Redemare New York ak relouvri ekonomi nou an pral yon pwosesis kontinyèl pandan semèn kap vini yo ke nou ap travay ak lòt eta yo, men nou dwe fè l 'nan yon fason ki pa ogmante to enfeksyon an ak pou viris la pa kreye yon dezyèm vag", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou montre ke nou ka kontwole pwopagasyon viris la, men nou pa kapab defèt kounye a tout pwogrè nou deja fè yo. Pandan n'ap kontinye travay sou yon plan rejyonal pou fè moun retounen nan travay epi pou yo fè biznis yo mache epi fonksyone nan yon fason ki san danje epi responsab, nou ap pwolonje tout fonksyon Eta New York an Poz yo jiska 15 me an kowòdinasyon ak lòt eta yo nan konsèy milti-eta nou an paske byen ke nou ka kontwole sitiyasyon an, nou bezwen fè to enfeksyon desann pi plis toujou epi nou pa ko rive la."

Finalman, Gouvènè a te konfime 8,505 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 222,284 ka konfime nan Eta New York. Nan total 222,284 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	581	33
Allegany	28	0
Broome	167	14
Cattaraugus	32	0
Cayuga	36	0
Chautauqua	24	0
Chemung	70	1
Chenango	73	2
Clinton	46	1
Columbia	99	3
Cortland	24	1
Delaware	47	1
Dutchess	2,085	37
Erie	1,850	99
Essex	12	0
Franklin	13	0
Fulton	25	1
Genesee	78	2
Greene	74	1
Hamilton	3	0
Herkimer	43	3
Jefferson	48	1
Lewis	8	1
Livingston	32	1
Madison	105	0
Monroe	932	48
Montgomery	32	0
Nassau	27,772	1,057
Niagara	216	12
NYC	123,146	4,844
Oneida	249	3
Onondaga	462	13
Ontario	65	3
Orange	5,888	172

Orleans	34	1
Oswego	44	2
Otsego	44	0
Putnam	573	2
Rensselaer	137	13
Rockland	8,752	278
Saratoga	231	4
Schenectady	245	8
Schoharie	20	0
Schuyler	6	0
Seneca	18	0
St. Lawrence	93	1
Steuben	154	3
Suffolk	24,182	904
Sullivan	437	13
Tioga	27	2
Tompkins	116	1
Ulster	761	28
Warren	81	4
Washington	46	4
Wayne	49	1
Westchester	21,828	881
Wyoming	34	0
Yates	7	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU